

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan anu dilaksanakeun ka siswa kelas IX D SMP Negeri 17 Bandung taun ajaran 2011-2012 mangrupa data hasil Panalungtikan Tindakan Kelas anu dilaksanakeun dina dua siklus, nya éta siklus I jeung siklus II. Tina hasil panalungtikan kamampuh siswa geus ngaronjat. Dumasar hasil panalungtikan jeung pembahasan anu geus dilaksanakeun bisa dicindekeun yén modél démonstrasi bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun carita pondok. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap baris diécéskeun deui ngeunaan kacindekan hasil ieu panalungtikan.

- 1) Prak-prakan kagiatan pangajaran dilaksanakeun dina dua siklus. Dina siklus I prak-prakan pangajaran tacan pati bisa dilaksanakeun saluyu jeung rarancang kagiatan pangajaran anu geus ditangtukeun. Kaaktipan, saregep nalika ngaregepkeun carpon, jeung prosés pangajaran sacara umum geus mimiti bisa diungkulan, tapi dina motivasi, waktu, perhatian, siswa tacan paham kana eusi carpon, siswa tacan bisa nulis eusi carpon sacara lengkep masih katitén tacan maksimal antukna loba kénéh siswa anu tacan bisa nganalisis jeung nyaritakeun eusi carpon maké basa sorangan. Ngaregepkeun carpon nalika siswa kurang konséntrasi tur dina waktu kurang éfisién nyababkeun kurang éféktipna dina prosés kagiatan pangajaran. Dina siklus II prak-prakan kagiatan pangajaran geus bisa dilaksanakeun saluyu jeung rarancang pangajaran sarta

kegiatan pagajaran karasa leuwih éféktif dibandingkeun dina siklus I. Motivasi, waktu, perhatian, siswa tacan paham kana eusi carpon, siswa tacan bisa nulis eusi carpon sacara lengkep geus bisa dilaksanakeun, nepi ka siswa katitén geus bisa nganalisis jeung nyaritakeun eusi carpon maké basa sorangan. Waktu anu dipaké sacara optimal jeung henteu ngayayay katitén leuwih éféktif nalika siswa ngaregepkeun carpon.

- 2) Hasil diajar ngaregepkeun carpon dina prapanalungtikan nya éta 14 urang atawa 34,14% kana katégori tuntas, sarta sésana 27 urang atawa 65,86% kana katégori tacan tuntas. Rata-rata peunteun anu dihontal ku siswa dina prapanalungtikan nya éta 60,24. Dina siklus I aya 24 urang atawa 58,53% kana katégori tuntas, sarta sésana 17 urang atawa 41,47% kana katégori tacan tuntas. Rata-rata peunteun nu dihontal ku siswa dina siklus I nya éta 75. Hasil diajar siswa dina siklus II nya éta 100% atawa kabéh siswa tina 41 urang kaasup kana katégori tuntas. Rata-rata peunteun nu dihontal ku siswa dina siklus II nya éta 83,30.
- 3) Ngaronjat atawa henteu hasil diajar ngaregepkeun carpon siswa. Ditingali tina hasil diajar siswa dina prapanalungtikan, siklus I jeung siklus II katitén yén hasil diajar siswa geus ngaronjat. Nalika dina prapanalungtikan hasil rata-rata siswa nya éta 60,24 sedengkeun dina siklus I 75 jeung siklus II aya 83,30. Dina prapanalungtikan hasil diajar siswa masih tacan maksimal hal ieu dipangaruhan ku sababaraha faktor misalna waé siswa kurang konséntrasi dina ngaregepkeun carpon, jeung modél pangajaran anu kurang cocog. Tina siklus I hasil diajar siswa geus mulai ngaronjat dibandingkeun dina prapanalungtikan

sanajan hasil diajar siswa tacan bisa 100% ngaronjat. Dina siklus II geus bisa katitén yén hasil diajar siswa geus bisa ngaronjat 100% hal ieu bisa katingali tina rata-rata peunteun siswa anu tadina rata-rata 75 dina siklus II jadi 83,30. Tina hasil pembelajaran siklus II geus bisa dicindekeun yén modél démonstrasi bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun carpon.

5.2 Rékomendasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran ngaregepkeun carpon ngagunakeun modél démonstrasi, aya sababaraha rékomendasi tina hasil panalungtikan ieu, di handap:

- 1) Tina hasil panalungtikan, modél démonstrasi bisa digunakeun salaku salasihiji alternative modél pangajaran dina ngaregepkeun carpon atawa dina pangajaran séjén.
- 2) Nalika prosés pangajaran leuwih hadé lamun waktu anu rék dipaké dina prosés diajar ditangtukeun heula. Sangkan prosés diajar bisa dipaké kalawan optimal.
- 3) Dina ngalarapkeun modél démonstrasi dina pangajaran ngaregepkeun carpon, guru kudu bisa maham jeung sanggup ngalarapkeun modél démonstrasi salaku dadasar tumuwuhna rasa saregep, konséntrasi dina ngaregepkeun carpon. Sangkan modél démonstrasi bisa diterapkeun dina prosés pangajaran tur dijadikeun acuan ku guru dina prosés diajar.
- 4) Perhatian nu dilakukeun ku guru ka siswa nalika kagiatan pangajaran ngaregepkeun carpon ngagunakeun modél démonstrasi, kudu leuwih

dironjatkeun deui sangkan siswa bisa ngaregepkeun carpon sacara saregep. Nalika prosés pangajaran guru kudu leuwih fokus kana hal-hal anu rék ditepikeun sangkan prosés pangajaran bisa saluyu jeung anu hayang dihontal.

- 5) Sanggeus diayakeun panalungtikan ka kelas IX hususna di kelas IX D dipiharep kahareupna aya panalungtikan séjén anu leuwih daria deui ngeunaan larapna modél démonstrasi dina materi pangajaran ngaregepkeun carpon atawa matéri pangajaran liana ngagunakeun modél panalungtikan séjén. Jeung panalungtikanna henteu ngan diterapkeun di kelas IX waé tapi ogé bisa diterapkeun di kelas séjén saperti kelas VII atawa VIII SMP.

